# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

अट्ठारहवां लोकसभा चुनाव में दुसरा फेरा क मतदान वाले क्षेत्रन में परचार क सोरगुल आजु थमि गइल हौ। दुसरा फेरा में अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा लोकसभा क्षेत्रन में छब्बीस अपरैल के ओट परी। आजु कई गो राजनीतिक दल संझा भइले से पहिले कई गो लोकसभा क्षेत्रन में रोड–सो अउर जनसभा के जरिया से आपन–आपन पारटी के ओट देवे क अपीलि कइलें। पोलिंग पारटी अउर सुरक्षाकरमी बिहनहीं से पोलिंग बूथन पर रवाना होइहें। एकर सज्जो तइयारी पूरा कै लिहल गइल हौ। चुनाव आयोग के हिसाबि से येह फेरा में कुलि एक्यानबे ओम्मेदवार चुनाव मैदान में हवें। गौतमबुद्धनगर अउर मथुरा सीटि पर सबसे बेसी पनरह–पनरह अउर बुलंदशहर में सबसे कम छौ ओम्मेदवार आपन किसमति आजमा रहल हवें। येह ओम्मेदवारन के भागि क फैसिला एक करोड़ सड़सठ लाख सतहत्तर हजार एक सौ अट्ठानबे मतदाता करिहें।

**********

प्रदेस में कई फेरा में होखे वाले लोकसभा चुनाव के ले के कई गो राजनीतिक दल की ओरि से चलावल जा रहल चुनाव अभियान अपने चरम पर हौ। ई सज्जो दल चुनावी जनसभा, रोड–सो अउर जनसम्पर्क अभियान के जरिया से कई गो लोकसभा क्षेत्रन में चुनाव परचार कइ के अपने–अपने पक्ष में मतदान क अपीलि कइ रहल हवें। भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भाजपा क प्रदेस मुख्यालय में प्रेस वार्ता के जरिया से कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पहिली बेरि ई देखवले हवें कि सरकार अपने उपलब्धियन के आधार पर जनता के बिच्चे जा सके ले। येही नाते भारतीय जनता पारटी के पूरा प्रदेस में अपार समरथन मिलि रहल हौ।

ओहर, मैनपुरी लोकसभा क्षेत्र से सपा ओम्मेदवार डिम्पल यादव के समरथन में पहुंचल सपा अध्यक्ष अखिलेश यादव कहलें कि पीडीए परिवार बिरोधियन क होस उड़ा दिहले हौ। पच्छिम क हवा भारतीय जनता पारटी क सफाया करे जा रहलि हौ। पछिलो बेरि गठबंधन में हम्मन के सीटि जीति लिहले रहलीं। ऐहू बेरि अइसने होई। रालोद क अध्यक्ष जयंत चौधरी आजु अमरोहा में भाजपा ओम्मेदवार कंवर सिंह तंवर के समरथन में चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें।

**********

लोकसभा चुनाव क चउथा फेरा बदे नामांकन क प्रक्रिया जारी हौ। आजु समाजवादी पारटी अउर इण्डिया गठबंधन क फर्रूखाबाद लोकसभा क्षेत्र से ओम्मेदवार नवल किशोर आपन नामांकन परचा दाखिल कइलें। ओहर बहुजन समाज पारटी क फर्रूखाबाद से ओम्मेदवार क्रांति पाण्डेय अउर समाजवादी पारटी क उन्नाव लोकसभा क्षेत्र से ओम्मेदवार अन्नू टंडन, भारतीय जनता पारटी क ओम्मेदवार डॉक्टर सच्चिदानंद हरी साक्षी अउर बहुजन समाज पारटी से अशोक कुमार पाण्डेय आपन–आपन नामांकन परचा दाखिल कइलें। एकरे अलावा उन्नाव लोकसभा क्षेत्र से भारतीय जनता पारटी क ओम्मेदवार साक्षी महराज अउर शाहजहांपुर संसदीय क्षेत्र से संयुक्त विकास पारटी क ओम्मेदवार वैधराज किशनो आपन नामांकन परचा भरलें। चउथा फेरा बदे नामांकन भरे क आखिरी तारीख बिहने ले यानी पचीस अपरैल हौ। नामांकन परचन क जांचि छब्बीस अपरैल के होई। ओन्तीस अपरैल नांव वापसी क आखिरी तारीख हौ। येह फेरा में तेरह सीटिनि पर तेरह मई के ओट डारल जाई।

**********

लोकसभा चुनाव के ले के पूरा प्रदेस में मतदाता जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल हौ। मतदाता जागरूकता रैली के जरिया से आम जन से ज्यादा से ज्यादा मतदान करे क अपीलि कइल जा रहलि हौ। गोरखपुर में आजु जिला निर्वाचन अधिकारी अउर नियंत्रक नागरिक सुरक्षा की ओरि से मतदाता जागरूकता रैली निकारल गइल। येह बिच्चे मतदाता जागरूकता पत्रको बांटल गइल।

ओहर, बनारस में सामाजिक संस्था सुबह–ए–बनारस क्लब की ओरि से बीपी गुजराज विद्या मंदिर इण्टरमीडिएट कॉलेज के हाता में मतदाता जागरूकता अभियान चलावल गइल। येह बिच्चे विद्यार्थी लोगि पहिले मतदान फेर जलपान क नारा के जरिया से लोगिन से मतदान क अपीलि कइलें। येही क्रम में अमरोहा में आजु स्वीप के अन्तर्गत पिंक स्कूटी रैली निकारलि गइलि। रैली के जोया से डायट प्राचार्य झंडी देखा के रवाना कइलें। समापन पर बेसिक स्कूलन क सिक्षिका लोगि नुक्कड़ नाटक कइलिनि अउर मतदाता सपथ दियवलिनि। मऊ जिलो में मतदाता जागरूकता के ले के तेजाब पीड़ित महिला, ट्रांसजेंडर अउर स्कूली लइकनी कार्यक्रम क आयोजन कइ के मतदान बदे लोगिन के जागरूक कइलिनि।

**********

भाजपा क सीनियर नेता अउर केंद्रीय गृहमंत्री अमित शाह आजु संझा दुइ दिन के दौरा पर बनारस अइहें। येह बिच्चे श्री शाह बनारस क पांच विधानसभा क्षेत्रन के करीब पांच हजार पारटी कार्यकरता लोगिन से सोझे संवाद करिहें। सथहीं पन्ना प्रमुख अउर बूथ अध्यक्षन से लोकसभा चुनाव में अबले क भइल तइयारियन क जनकरियो लीहें। गृहमंत्री के साथे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, दुन्नो उप मुख्यमंत्री, भाजपा प्रदेस अध्यक्ष अउर संगठन महामंत्रियो मौजूद रहिहें।

**********

बइसाख प्रतिपदा तिथि पर आजु विन्ध्याचल में माइ विन्ध्यवासिनी के दरबार में सरधा अउर भक्ती के बिच्चे जलाभिषेक कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। येह बिच्चे सरधालु लोगि मंदिर के लग्गे गंगा नदी के पक्का घाट से गंगा जल ले आके देवी मां क जलाभिषेक कइलें। आजु राति में बिसेस पूजा–अर्चनो कइल जाई।

**********